



Pou Piblikasyon Imedya: 18/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI UPPER FALLS SQUARE APARTMENTS KI  
KOUTE 48 MILYON DOLA NAN ROCHESTER**

***150 Apatman Ap Pote Lojman Ki A Pri Abòdab epi Ki Bay Sipò yo, ak Opsyon  
Sante ak Byennèt yo nan Northeast Quadrant-Upper Falls nan Rochester  
pou Ede Revitalize Kominote a***

***Devlopman an Sipòte Pasyèlman Pa Pwogram Kontra Ekolojik Biwo Renovasyon  
Kay ak Kominote Eta New York***

***Investisman an ap Konplemante Inisyativ “Finger Lakes Forward” lan – ki se  
Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ouvèti Upper Falls Square Apartments nan Rochester, yon nouvo pwojè devlopman abòdab ki koute 48 milyon dola ki ap ofri lojman ak sèvis sipò yo nan kominote Northeast Quadrant-Upper Falls lan. Etablisman ki gen divès etaj epi ki mezire 142,000 pye kare a gen ladan de batiman ki genyen yon total 150 apatman, 75 ladan yo pral gen sèvis pou ede moun ki gen bezwen espesyal yo pou ka viv an tout endepandans.

“Upper Falls Square Apartments pral sèvi kòm yon pyès fondamantal pou revitalizasyon ki ap kontinye nan gwo kominote sa a pandan ke li ap ede konbat chanjman klimatik yo an menm tan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Investisman nan lojman ki a pri abòdab ki lye ak swen sante ak lòt resous yo esansyèl pou asire ke moun New York yo gen yon kote ki desan epi sekirize ke yo ka rele lakay yo.”

Upper Falls Square ap rejwenn efò revitalizasyon yo ki ap fèt nan katye a, ki enkli ekspansyon sant Anthony L. Jordan Health Center a ki an fas lari a, ki pral ofri klas sante ak byennèt sou plas yo bay abitan Upper Falls Square Apartments yo. Devlopman an pami premye nan Eta a ki sipòte pa pwogram Kontra Ekolojik (Green Bonds Program) nan Biwo Renovasyon Kay ak Kominote a (Homes and Community Renewal, HCR), ki ap bay kontra ki pa gen enpo yo ki sètifye pa The Climate Bond Initiative, ki se yon òganizasyon san bi likratif entènasyonal ki ap sipòte finansman pou pwojè toupatou nan mond lan ki ap redwi degajman gaz a efè sèr yo. An 2016, Eta New York te vin premye eta nan nasyon an ki te gen kontra lojman ki a pri abòdab ki sètifye pa The Climate Bond Standards Board.

“Pwojè lojman a pri abòdab sa a pral bay nouvell opsyon lojman yo pou abitan ki gen revni fèb ak revni mwayen yo, epi ofri sèvis sipò pou moun yo ki gen bezwen espesyal yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Nou ap sipòte lojman ki a pri abòdab atravè eta a pou asire ke tout moun New York yo gen yon bon kote pou yo viv san fado pri ki chè yo. Upper Falls Square Apartments yo ap kontinye ak dinamis kwasans nan Rochester epi fè Finger Lakes vanse devan.”

Angajman Gouvènè Cuomo pran pou li ranfòse kominote yo epi devlope ekonomi Finger Lakes lan li reflete nan Finger Lakes Forward, yon investisman 500 milyon dola Eta a atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative) ki te ajoute sou plis pase 6.1 milya dola ke yo te enjekte an rejyon an depi 2012. Investisman Eta a nan Upper Falls Square Apartments konplemanje Finger Lakes Forward apati ogmantasyon aksè a bon jan kalite lojman ki a pri abòdab ki gen sèvis sipò yo.

Upper Falls Square Apartments te ajoute sou anviwon 1 ekta pwopriyete ki te yon lè espas kay ki kondane yo jiskaske yo te raze pa Vil Rochester. Nouvo apatman yo disponib pou abitan katye yo ki touche jiska 60 pousan revni mwayen zòn nan. Pou yon fanmi ki gen de moun, limit revni an se anviwon 31,080 dola epi pou yon fanmi ki gen kat moun, limit revni an se anviwon 44,400 dola.

Chak apatman gen yon kwizin ki konplètman ekipe, yon televizyon ekran plat ki kwoke sou yon mi ki gen sèvis kab bazik yo, ak yon ti antrepo nan apatman an. Yo enkli chofaj, lè kondisyone, dlo cho ak elektrisite nan pri lwaye a, epi gen etablisman kominotè pou fè lesiv ki disponib gratis pou lokatè yo. Lokatè yo gen aksè a yon salon nan chak etaj, ak yon sal kominotè. Wi-Fi gratis disponib nan espas komen nan batiman yo.

Nan objektif pou ka reponn a estanda pwogram Kontra Ekolojik nan HCR a, yo te chwazi Upper Falls Square Apartments selon kondisyon pwogram Energy Star Ajans pou Pwoteksyon Anviwònman Ameriken an (U.S. Environmental Protection Agency). Batiman A a, ki se Ellen Stubbs Apartments, sètifye ak pwogram Gwo-Ogmantasyon Miltifamilyal Energy Star lan epi yo te chwazi Batiman B a, ki se Minister Raymond and Maxine Scott Apartments, poutèt li depase efikasite pwogram Kay Ki Sètifye Energy Star yo. Toulède batiman yo enkòpore fonksyon “ekolojik” yo, ki gen panèl fotovòltayik yo pou itilizasyon enèji solè; aparèy chofaj ak rafrechisman ki gen anpil efikasite yo; fonksyon aplikasyon ak ekleraj ki klase Energy Star yo; penti, amòs, adezif ak andwi ki pa gen anpil oswa ki san VOC yo; ak kapèt ki gen etikèt ekolojik plis.

An fas lari a de Upper Falls Square Apartments, Anthony L. Jordan Health Center nan faz final achèyman yon Kanpis Sante Kominotè (Community Health Campus) ki pral ofri klas edikasyon sante yo Upper Falls Square Apartments pou abitan yo. Abitan yo pral resevwa tou asistans pou ka aksede a yon pakèt lòt ki gen pami yo sèvis sante mantal, dantè, kadyovaskilè, ak legal yo, menm jan ak fòmasyon gadri ak pou travay yo.

Devlopman ki koute 48 milyon dola a te sipòte pa investisman ki soti nan Biwo Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York lan ak Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York lan. Patnè finasye adisyonèl yo gen pami yo Vil Rochester, M&T Bank, Red Stone Equity LLC, ak JP Morgan Chase.

Batiman A, ki gen 114 apatman, li te nonmen an memwa a Ellen Stubbs. Stubbs, ki te mouri an 2012, te yon enfimyè epi li te totalman angaje nan kominote li an, kote li te bay tan ak talan li nan Anthony L. Jordan Health Center, Asosiyasyon Swen Sante Kominotè New York (Community Health Care Association of New York), ak lòt òganizasyon lokal yo. Pandan plizyè ane, li te yon manm aktif nan divès legliz epi li te resevwa divès prim, ki gen ladan Prim Ollie Chin Porter nan sezon ete sa a nan men Asosiyasyon Nasyon Biznis Moun Nwa ak Fanm Pwofesyonèl yo (National Association of Negro Business and Professional Women), “poutèt Vizyon, Fòs Moral ak Kouraj li”. Li te travay tou kòm yon delege nan Konferans sou Kondisyon Fanm yo nan Nasyon Ini an 1995, nan Beijing, an Chin epi kòm yon manm Konferans Mondyal Kont Rasis an 2001, nan Durban, an Afrik Sid.

Batiman B a, ki gen ladan 36 apatman, rele Minister Raymond and Maxine Scott Apartments. Pastè Scott, ansanm ak madanm li Maxine, gen yon andajman ki la lontan depi yon dekad ke li te pran pou amelyore kominote Rochester a. Enplikasyon yo te enkli travay ak legliz Reynolds Street Church of Christ, Faith Temple, ak òganizasyon FIGHT lan, yon rezo gwoup kominotè ki ap batay pou dwa sivil yo, ki te fonde an 1965.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renovasyon Kay ak Kominote yo nan Eta New York, te deklare,** “Upper Falls Square Apartments te transfòme yon pwopriyete ki vid pou vin tounen yon kominote dinamik ki a pri abòdab ki ap elaji opòtinite lojman yo pou plizyè santèn moun New York ki gen revni fèb yo, epi bay sèvis sipò ki nesèsè yo pou kapab ede kenbe vwazen ki pi vilnerab pami nou yo nan yon kay. Apati investisman nan lojman ki a pri abòdab yo, nou ap ranfòse fondasyon ekonomik Northeast Quadrant nan Rochester a epi kenbe ekonomi rejyon Finger Lakes lan ap vanse”.

**Doktè Ann Marie T. Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare,** “OMH fyè pou li travay ansanm ak patnè yo ki nan sektè piblik ak prive yo pou ka pote lojman ki estab epi sekirize ki gen sèvis pou moun New York ki vilnerab yo ki ap fè pwogrè pou rive nan rekiperasyon yo. Upper Falls Square Apartments se yon bèl ajou nan katye a, epi kay lojman sipò li yo pral ede moun ki vle vin endepandan yo ak manm pwodiktif kominote yo”.

**Senatè Joseph E. Robach te di,** “Ouvèti Upper Falls Square Apartments jodi a se bòn nouvèl pou Vil Rochester ansanm ak moun ak fanmi yo ki pral rele devlopman sa a lakay yo. Ak batiman sa yo ki ap ofri lojman ansanm ak sèvis sipò yo, devlopman sa a pral pèmèt fwaye divès sitiyasyon yo gen kapasite pou yo aksede a opòtinite lojman ki enpòtan anpil yo”.

**Lidè Majorite Asanble a, Joseph D. Morelle, te deklare,** “Antan ke yon kominote, nou konprann ke konstwiksyon katye ki djanm yo kòmanse nan asire ke chak moun ak fanmi gen aksè a kote ki estab, sekirize, epi a pri abòdab pou yo rele lakay yo. Achèyman Upper Falls Square Apartments lan mete nou yon pa pi pre objektif sa a nan elaji aksè a opsyon lojman ki a pri abòdab yo ak sèvis sipò krisyal yo, ki ap finalman bay fanmi ki ap travay di yo opòtinite pou ka devlope epi pwospere”.

**Manm Asanble a David F. Gantt te deklare,** “Se ak gwo plezi ke mwen ap felisite DePaul poutèt achèyman ou de Upper Falls Square. Antan ke yon moun ki te grandi

nan zòn nan, mwen ka deklare san ekivòk ke pwojè sa a te dwe fèt depi lontan. Li pral transfòme peyizaj katye sa a, epi li ta dwe sèvi kòm yon katalizè pou devlopman zòn nan. Konbinezon bon jan kalite apatman ki a pri abòdab yo ak ekipman yo tankou televizyon ki gen ekran plat yo, sèvis piblik ki gratis yo ak lesiv gratis, ansanm ak sèvis sipò yo pou anpil abitan, sa vle di ke apatman sa yo se plis ke jis yon espas pou moun viv. Yo pral transfòme lavi moun ki ap viv la yo”.

**Manm Asanble Harry Bronson te deklare,** “Mwen aplodi Gouvènè a ansanm ak patnè mwen yo ki nan gouvènman an poutèt yo fè pwojè sa a vin yon reyalite. Lojman ki sekirize epi ki a pri abòdab yo krisyal pou byennèt vil nou an, epi pwojè sa a ki reyisi an pral elaji kantite apatman ki disponib yo pou fanmi yo ki nan kominote nou an, epi fè sa nan yon fason ki dirab sou plan anviwònmanal”.

**Egzekitif Konte Monroe a, Cheryl Dinolfo te di,** “Pwojè lojman sipò epi ki a pri abòdab yo se katalizè pou chanjman kominotè epi yo te pwouve ke yo ogmante valè pwopriyete yo ak nivo anplwa yo nan katye ke yo sèvi yo. Mwen remèsye Biwo Renovasyon Kay ak Kominote New York lan poutèt investisman yo nan nouvo Upper Falls Square Apartments lan, ki pral ranfòse pi plis efò Konte Monroe ap fè yo pou devlope plis travay epi sipòte fanmi ki pi djanm yo atravè kominote nou an”.

**Majistra Vil Rochester a, Warren Lovely, te deklare,** “Mwen vle felisite DePaul pou achèvmman ki reyisi pou apatman Upper Falls Square Apartments yo, ki se premye devlopman lojman majè nan Hudson Avenue nan plis pase twa dekad. Mwen rekonesan pou mwen wè nivo investisman sa a nan Rochester Nòdès, epi mwen vle remèsye Biwo Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York lan ansanm ak Biwo Sante Mantal Eta New York lan poutèt yo sipòte devlopman sa a. Ekspansyon bon jan kalite lojman ki a pri abòdab yo nan vil nou an sipòte objektif nou genyen yo pou kreye plis travay, katye ki pi sekirize/pi dinamik yo ak pi bon opòtinite edikatif yo”.

**Lejislatè Konte Monroe a Vince Felder te deklare,** “Mwen kontan anpil dèske DePaul te chwazi distrik mwen an pou devlopman sa a. Konbinezon kalite apatman yo, amenajman yo ak sèvis global yo vle di ke non sèlman apatman sa yo pral transfòme peyizaj katye yo, men tou yo pral transfòme lavi abitan li yo tou. Mwen ta renmen remèsye Manm Asanble a David F. Gantt ansanm ak Biwo Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York lan poutèt yo garanti finansman pou pwojè sa a. Mwen vle tou remèsye Majistra Lovely Warren ansanm ak lòt lidè kominotè yo poutèt yo fè patenarya ak DePaul sou pwojè transfòmatif sa a. Yon katye ke yo te neglije pandan plizyè dekad vin kounye a revitalize”.

**Manm Konsèy Distrik Nòdès lan Michael A. Patterson te deklare,** “Mwen aplodi DePaul pou achèvmman pwojè sa a epi mwen akeyi yo ak kè kontan a nouvo nan Distrik Nòdès lan. Mwen te resamman vin enfòm ke Vil Rochester gen yon defisi de 16,000 kay lojman ki a pri abòdab. Nouvo devlopman ekstrayòdinè sa a se youn nan divès pa ke Vil lan, HCR, ak kominote devlopè nou an te konplete pou reponn a nesesitye presan sa a. Nou te tèmman vwayaje anpil ansanm pou reponn a nesesitye sa a. Ki kote nou pral ale apre”?

**Prezidan DePaul lan Mark H. Fuller te deklare,** “DePaul kontan pou li se yon patnè kominote an nan konble bezwen an opsyon lojman a pri abòdab ki gen bon jan kalite

nan Rochester epi atravè Eta New York. Nou fyè pou nou fè pati entegral de revitalizasyon koridò Hudson Avenue Rochester a. DePaul swete remèsye Gouvènè Cuomo ak Eta a poutèt yo bay nou finansman ki te pèmèt pwojè sa a vin yon reyalite, ansanm ak Majistra Lovely Warren ak Vil Rochester. Upper Falls Square se yon ekzanp pwogrè ak patenarya an aksyon”.

**Direktè Konstwiksyon pou Coalition of NorthEast Associations (CONEA) lan David Carr te deklare,** “Sa se kòmansman pou pwochèn jenerasyon ak sa fiti yo ki ap konstwi pi bon lojman, swen sante, lekòl, sant acha yo, pak yo, legliz yo, ak travay yo. Nou ap konstwi pou yon kominote ki an sante”.

**Daniel J. Burns, ki se Prezidan M&T Bank nan rejyon Rochester a, te deklare,** “Upper Falls Square Apartments pral youn nan pwojè ki pi transfòmatif ke yo te antreprann nan katye a sou plizyè ane. Ekta tèren ki vid yo ki te anvan genyen kay ki kondane yo pral byento vin tounen bon jan kalite lojman epi ki a pri abòdab, ki konplè ak yon seri sèvis sipò yo, gras a vizyon ak angajman Mark Fuller ak ekip li an ki nan DePaul Properties. Nou eksite pou nou bay mwayen kapital pou ka ede fè li reyalize”.

**Dave Walsh, ki se Direktè Rejyonal Nòdès pou Bank Devlopman Kominotè, Chase, te deklare,** “Nou fyè pou nou asiste nan finansman devlopman Upper Falls Square lan. Nou gen yon gwo angajman anè kominote yo ke nou ap bay sèvis yo, epi nou kontan anpil pou nou fè pati de yon lòt devlopman transfòmatif ki reyalize pa DePaul”.

**Richard Roberts, Direktè Jesyon Prensipal ak Chèf Konjwen Acha nan Redstone Equity Partners, te deklare,** “Ekip nou an ki nan Red Stone Equity Partners te rejwenn ak antouzyas patnè nou yo ki nan M&T Bank Upper Falls pou ka bay ekite kredi fiskal pou pwojè enpòtan sa a nan Upper Falls. Nou te apresye minisyezman patenarya ke nou genyen depi lontan ak DePaul lan, ki se youn nan founisè lojman sipò ki pi pwolifik nan nasyon an. Nou te boukle finansman nan pwojè sa a nan mitan refòm fiskal federal la — yon peryòd kote sipò pou lojman ki a pri abòdab yo te anba gwo atak. Tout ekip lan te rasanble ansanm pou reziste anba tanpèt lan epi nou fyè anpil de rezilta a”.

Patnè ki enplike yo nan pwojè a se Vil Rochester ak Majistra Lovely Warren, Christa Construction, Coalition of NorthEast Associations, DePaul, JPMorgan Chase, M&T Bank, Biwo Renovasyon Kay ak Kominote Eta New York, Biwo Sante Mantal Eta New York, Red Stone Equity Manager ak SWBR Architects.

### **Akselerasyon pwogram “Finger Lakes Forward”**

Anons jodi a vin konplete pwogram “Finger Lakes Forward”, ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ak devlopman kominotè. Eta a te investi deja plis pase 6.1 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 la pou reyalize travay preparatwa pou plan – lè li investi nan endistri kle yo ki gen ladan yo fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsonèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram “Finger Lakes Forward” la ak yon investisman 500 milyon dola Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)